

# Deklarasyon Dwa sou Swen Sante Seksyèl ak Repwodiktif Vil Nouyòk

**Nan Vil Nouyòk (NYC), ou gen dwa pou jwenn aksè nan swen sante seksyèl ak repwodiktif, sa gen ladan avòtman. Ou gen dwa sa yo pandan w nan vil Nouyòk, kèlkeswa kote w ap viv.**

Lè w ap chèche sèvis sante seksyèl ak repwodiktif nan vil Nouyòk, ou gen dwa sa yo:

- |   |  |
|---|--|
| <ol style="list-style-type: none"><li>1. Pou resevwa sèvis sa yo san avètisman oswa konsantman paran:<ul style="list-style-type: none"><li>• Avòtman, ki gen ladan medikaman avòtma, ke pifò plan asirans (tankou Medicaid) dwe kouvri epi asistans finansye ka disponib pou yo si w pa gen asirans oswa si w pa gen ase asirans.</li><li>• Jesyon foskouch, ki gen ladan jesyon medikaman pou foskouch</li><li>• Kontwòl nesans ak kontrasepsyon ijans, ke pifò plan asirans (ki gen ladan Medicaid) dwe kouvri san pasyan yo okenn frè.</li><li>• Swen sante seksyèl, tankou tè, tretman ak sèvis prevansyon pou VIH ak lòt enfeksyon seksyèlman transmisib</li><li>• Swen anvan ak apre akouchman, ke pifò plan asirans (ki gen ladan Medicaid) dwe kouvri</li><li>• Swen apre twomatis, tankou vyolans seksyèl ak vyolans patnè entim</li></ul></li><li>2. Pou w lib de tout presyon, menas fòs oswa obstak fizik lè w ap eseye jwenn swen sante repwodiktif</li><li>3. Pou mande founisè swen sante w enfòmasyon sou sante seksyèl ak repwodiktif</li><li>4. Pou resevwa enfòmasyon sou pratik ak pwosedi akouchman lopital oswa sant nesans yo lè w ansent</li><li>5. Pou resevwa tout enfòmasyon ou bezwen pou bay konsantman klè pou nenpòt pwosedi oswa tretman ki pa ijans, sa gen ladan enfòmasyon sou risk ak avantaj</li><li>6. Pou chwazi oswa refize nenpòt pwosedi oswa tretman</li></ol> | <ol style="list-style-type: none"><li>7. Pou chwazi ki moun ki pral pran desizyon sou swen sante seksyèl ak repwodiktif pou ou si ou pa kapab fè</li><li>8. Pou w gen vi prive ak konfidansyalite nan swen medikal ou</li><li>9. Pou yo trete w ak konsiderasyon, respè epi diyite nan yon anviwònman pwòp ak sekirize ki pa gen kontrent initil.</li><li>10. Pou jwenn aksè nan swen sante seksyèl ak repwodiktif, ki gen ladan avòtman, nan etablisman NYC Sexual Health Clinics ak NYC Health + Hospitals si w pa gen papyè.</li></ol> <p>Pou plis enfòmasyon sou asirans sante ak swen pou imigran, vizite <a href="https://nyc.gov/site/ochia/find-what-fits/immigrants.page">nyc.gov/site/ochia/find-what-fits/immigrants.page</a>.</p> <ol style="list-style-type: none"><li>11. Pou depoze yon plent sou diskriminasyon ilegal ak asèlman nan travay ki baze sou desizyon w sou swen sante seksyèl ak repwodiktif, ak asèlman nan travay, lojman ak lokal ebèjeman piblik sou baz sèks ou, idantite seksyèl ou, oryantasyon seksyèl ou oswa nenpòt lòt idantite pwoteje.</li></ol> <p>Si w kwè yo te fè diskriminasyon kont ou, kontakte Komisyon Dwa Moun NYC nan 212-416-0197, rapòte sa sou entènèt nan <a href="https://nyc.gov/site/cchr/about/report-discrimination.page">nyc.gov/site/cchr/about/report-discrimination.page</a> oswa vizite biwo Komisyon an.</p> |
|---|--|

Deklarasyon Dwa sa a se yon pati enpòtan nan efò NYC ap fè pou reyalize jistis seksyèl ak repwodiktif pou tout moun Nouyòk. Jistis seksyèl ak repwodiksyon egziste lè tout moun gen pouvwa ak resous pou pran bon desizyon konsènan kò yo, seksyalite ak repwodiksyon. Deklarasyon Dwa sa a pa kreye okenn nouvo dwa ki pa t deja etabli nan lwa epi li pa yon ranplasman pou konsèy legal. Si w kwè dwa w yo te vyole, kontakte yon avoka pou plis konsèy.

Deklarasyon Dwa sa a se yon pati enpòtan nan efò NYC ap fè pou reyalize jistis seksyèl ak repwodiktif pou tout moun Nouyòk. Jistis seksyèl ak repwodiksyon egziste lè tout moun gen pouvwa ak resous pou pran bon desizyon konsènan kò yo, seksyalite ak repwodiksyon. Deklarasyon Dwa sa a pa kreye okenn nouvo dwa ki pa deja etabli nan lwa epi li pa yon ranplasman pou konsèy legal. Si w kwè dwa w yo te vyole, kontakte yon avoka pou plis konsèy.

Pou aprann plis sou dwa seksyèl ak repwodiktif ou, vizite [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi aprann plis sou dwa seksyèl ak repwodiktif ou, vizite [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche jistis seksyèl ak repwodiktif. Pou aprann plis sou dwa w pou w pa sibi diskriminasyon, vizite [nyc.gov/humanrights](https://nyc.gov/humanrights). Pou jwenn referans yon avoka, rele sèvis referans legal Bawo NYC nan 212-626-7373 oswa vizite [nycbar.org](https://nycbar.org).

